दिन–शुक्रवार दिनांक–11.10.2024

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

दुर्गापूजाक अंतिम दिन आइ देवी दुर्गाक सिद्धिदात्री स्वरूपक पूजा–अर्चना भेल अछि। पूजा के लऽकऽ चारू दिस श्रद्धा आ उल्लासक वातावरण अछि। मान्यताक अनुसार माताक एहि स्वरूपक पूर्जा–अर्चना सँ सिद्धि के प्राप्ति होइत अछि। एहि दिन माँ दुर्गा अपन भक्तक समस्त मनोकामना पूर्ण करैत छथि। एहि अवसर पर मिथिलांचल सहित प्रदेशक विभिन्न शक्तिपीठ, मंदिर आ पूर्जा पंडाल मे श्रद्धालु लोकनिक नम्हर पाँति लागल अछि। श्रद्धालु लोकनि देवी मंदिरक संगहि पूजा पंडाल सभ मे माता–भगवतीक पूजा–अर्चना कऽ रहल छथि। हमर संवाददाता सभ जनौलनि जे विभिन्न जिला मे पूजा–पंडाल के आकर्षक कलाकृति सँ सजाओल गेल अछि। पटना मे पंडाल सभ के तिरूपति मंदिर, पशुपतिनाथ मंदिर आ स्वामीनारायण मंदिरक तर्ज पर सुसज्जित कयल गेल अछि। सीतामढ़ी जिलाक पुनौरा मे इसरोक मिसाइल, बेगूसरायक बखरी मे केदारनाथ धाम आ हाजीपुरक डाकबंगला चौराहा पर बद्रीनाथ मंदिर आ सराय बाजार मे वेल्लूर मठ के तर्ज पर बनाओल गेल पूजा पंडाल लोक सभ के आकर्षित कऽ रहल अछि। .आन जिला सभ मे सेहो देश–विदेशक ऐतिहासिक स्थल आ स्मारकक आधार पर पूजा–पंडाल निर्मित कयल गेल अछि। एहि सभ के देखबा आ माताक दर्शनक लेल राजधानी पटना सहित प्रदेशक विभिन्न स्थान सभ पर बेस राति धरि लोक सभक भीड़ उमड़ैत रहल।

---

दुर्गा पूजाक अवसर पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़ आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी देशवासी सभ के शुभकामना देलनि अछि। राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सेहो प्रदेशवासी सभ के शुभकामना देलनि। अपन शुभकामना संदेश मे राज्यपाल कहलनि जे दुर्गा पूजाक पावनि–तिहार हमरा सभ के उच्च आदर्श के आ शाश्वत जीवन मूल्य के आत्मसात करबाक प्रेरणा दैत अछि। मुख्यमंत्री अपन संदेश मे प्रदेशवासी सभ के साम्प्रदायिक आ सामाजिक सद्भाव बनाओल रखबाक अपील

कयलनि। विधानसभाक अध्यक्ष नन्दकिशोर यादव, विधान परिषदक सभापति अवधेष नारायण सिंह, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा आओर विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव सहित आन गणमान्य लोकनि प्रदेशवासी सभ के दुर्गा पूजाक शुभकामना देलनि अछि।

———————————————————

दुर्गा पूजा के ध्यान मे रखैत पूरा प्रदेश मे सुरक्षाक व्यापक प्रबंध कयल गेल अछि। सभ जिला मे अतिरिक्त पुलिस बलक तैनातीक संग सभ संवेदनशील स्थान पर सीसीटीवी कैमरा सँ निगरानी कयल जा रहल अछि। स्वास्थ्य विभाग प्राथमिक स्वास्थ्य केन्द्र सँ लऽकऽ मेडिकल कॉलेज सभ के सेहो अलर्ट मोड पर रहबाक निर्देश देलक अछि। दुर्गा पूजा आ दशहरा सभ के देखैत राजधानी पटना मे यातायात व्यवस्था मे बदलाव कयल गेल अछि। राजधानी पटना मे प्रशासन स्थानीय स्तर पर एहि पूजा पंडाल सभक लऽग–पास मे पैघ संख्या मे सुरक्षा बलक तैनाती कयलक अछि। असामाजिक तत्व सभ पर सेहो नजरि रखबाक लेल सादा वर्दी मे सुरक्षाक कर्मी तैनात कयल गेलाह अछि।

———————————————————

कृतज्ञ राष्ट्र आइ महान स्वतंत्रता सेनानी आ सम्पूर्ण क्रांतिक जनक लोकनायक जयप्रकाश नारायण के हुनक जयंती पर श्रद्धापूर्वक स्मरण कयलक। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी लोक नायक के हुनक जयंती पर श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। श्री मोदी सोशल मीडिया पोस्ट मे देश आ समाजक लेल हुनक योगदानक सराहना कयलनि। ओ कहलनि जे जयप्रकाश नारायण के व्यक्तित्व आ आदर्श सभ पीढ़ीक लेल प्रेरणाक स्रोत बनल रहत। एम्हर, राजधानी पटनाक आयकर गोलम्बर पर आयोजित मुख्य समारोह मे राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आ उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विधानसभा अध्यक्ष नन्दकिशोर यादव सहित कतेको गणमान्य लोकनि जे.पी. कँ प्रतिमा पर माल्यार्पण कऽ हुनका भावसिक्त श्रद्धांजलि देलनि।

———————————————————

राज्य सरकार प्रदेश मे पछिला दिन आयल बाढ़िक कारणे फसिलक भेल क्षतिक लेल सहायता राशि देल जयबाक घोषणा कयलक अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार फसिल क्षतिक

राशि दिवाली सँ पूर्व जारी करबाक निर्देश देलनि। कृषि विभागक आकलनक अनुसार प्रदेश मे आयल बाढ़ि सँ बत्तीस जिलाक कृषि क्षेत्र प्रभावित भेल अछि। चारि सय नब्बे करोड़ टाकाक फसिल क्षतिक आकलन कयल गेल अछि।

————————————————————————

बेगूसराय जिलाक हरपुर कदराबाद स्कूलक एक शिक्षक पर भगवानक सम्बन्ध मे गलत जनतब देबा के लऽकऽ बछवाड़ा बीडीओ प्राथमिकी दर्ज करौलनि अछि।

————————————————————————

समस्तीपुर जिलाक मुसरीघरारी थाना क्षेत्रक फतेहपुर गाम लऽग एक व्यक्ति गोटे के अपराधी सभ गोली मारि कऽ हत्या कऽ देलक। पुलिस अपराधी सभक गिरफ्तारीक लेल छापामारी कऽ रहल अछि।

————————————————————————

समाप्त